**Әжинияз атындағы НМПИ 2022-жыл ушын 13.00.02 – Тәлим ҳәм тәрбия теориясы ҳәм методикасы (математика) қәнигелиги бойынша еркин-излениўшиликке қабыллаў комиссиясы мәжилисиниң**
**№ 1 ПРОТОКОЛЫ**

**Нөкис қаласы.** 2021 жыл 12-ноябрь

*Қатнасқанлар: НМПИ Илимий-изертлеўлер, инновациялар ҳәм илимий педагог кадрлар таярлаў бөлими баслығы: А.Алламуратов, комиссия баслығы, ф.-м.и.к. А.Ходжаниязов ҳәм талабан Б.Мамбеткаримов.*

**Кун тәртибинде:**

1. Нөкис мәмлекетлик педагогика институтына 2022-жыл ушын 13.00.02 – «Тәлим ҳәм тәрбия теориясы ҳәм методикасы (Математика)» қәнигелиги бойынша еркин-излениўшиликке өз хужжетлерен тапсырған талабан Б.Мамбеткаримовты еркин-излениўшиликке қабыллаў.

**Билдириў:** НМПИ Илимий-изертлеўлер, инновациялар ҳәм илимий педагог кадрлар таярлаў бөлими баслығы: А.Алламуратов 2022-жыл ушын 13.00.02 – Тәлим ҳәм тәрбия теориясы ҳәм методикасы (математика) қәнигелиги бойынша еркин-излениўшиликке хужжетлерен тапсырған талабан Б.Мамбеткаримов пенен «Сәўбет» тийкарында таңлаў өткерилиўи атап өтилди. Бул бойынша таңлаўға бекитилген комиссия ағзаларынан: комиссия баслығы, ф.-м.и.к. А.Ходжаниязов таңлаўда қатнасып атырғанлығын мәлим етти. Комиссия ағзаларына доретиўшилик қабилийетине ийе, илимли ҳәм ылайықлы талабанды таңлап алатуғынлығына исеним билдирди.

**Шығып сөйледи:** Комиссия баслығы, ф.-м.и.к. А.Ходжаниязов, таңлаўға қатнасып атырған талабанларға сәўбетлесиў қағыйдалары ҳәм тәртиплери ҳаққында мағлыўмат берди ҳәм әўметлер тиледи. Соңынан ф.-м.и.к. А.Ходжаниязов тәлим ҳәм тәрбия теориясы ҳәм методикасы илиминде актуал есапланатуғын томендеги тематикалық мәселелер ҳәм дөретиўшилик ислери бойынша сәўбетлесиўди усыныс етти.

1. Тәлим ҳәм тәрбия теориясы ҳәм методикасы илиминде актуал мәселелер ?
2. Математика оқытыў методикасы илиминде педагогикалық технологиялар ?

3. Мектеп математика курсында геометрия сабақларын өтиўде ҳабар технологияларынан пайдаланыў ?
4. Өзлери таңлаған илимий жумысы темасының актуаллығы, машқалалары ҳәм илиминдеги әҳмийети ?
5. Илимий темасы бойынша пәнге киргизетуғын жаналықлары ?

Талабанларға таярланыў ушын 20 минут ўақыт берилди. Соңынан комиссия баслығы, ф.-м.и.к. А.Ходжаниязов тәрепинен талабан Б.Мамбеткаримов менен жеке таризде сәўбетлесиў алып барылды ҳәм қосымша саўаллар берилди ҳәм жуўаплар алынды. Буннан соң комиссия қурамы өзлериниң жуўмақлаўшы пикирлерин бирдирди.

Күн тәртибиндеги мәселе бойынша билдириў ҳәм шығып сөйлеўлерден соң

**Қарар етеди:**

1. Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты еркин-излениўшиликке 2022-оқыў жылы ушын 13.00.02 – Тәлим ҳәм тәрбия теориясы ҳәм методикасы (математика) қәнигелиги бойынша өз ҳүжжетлерин тапсырған талабан Б.Мамбеткаримов сәўбетлесиў барысында өзиниң теориялық илиминиң ҳәм илимий-дөретиўшилик қәбилетиниң жоқарылығын көрсеткенлиги атап өтилсин;
2. НМПИ Илимий бөлимнен талабан сәўбетлесиўди өткерген комиссия қурамы тәрепинен талабан Б.Мамбеткаримов 13.00.02 – Тәлим ҳәм тәрбия теориясы ҳәм методикасы (математика) қәнигелиги бойынша еркин-излениўшиликке қабылаў усыныс етилсин;
3. НМПИ Илимий бөлиминен бул усыныстың орынланыўы бойынша қарар қабыл етиўи соралсын.

**Комиссия баслығы: ф.-м.и.к. А.Ходжаниязов**

**Хаткер: п.п.ф.д.(PhD) М.Бердибаев**